
ЖУР
6+
ISSN 0207-6551
12
2020

# ХЭКУЛІ

Мы гъэм и иужьрей къыдэкІыгъуэ «Нурыр» фІэщІэлъщ. Аргуэру зы илъэс дызэщІыгъуу идогъэжьэж. ДогуфІэ, догугъэ, дохъуахъуэ!

Мы гъэр гугъуащ, ауэ дыубыжынкъым. Гугъуехьхэм къахэнэхукІ хабзэщ лъэпкъым и лІыхъужьхэр. Мы гъэм лІыхъужьыгъэ зезыхьар ди Дохутырхэрщ! Ар зэрыдунейуэ къыдгурыІуащ. А Дохутырхэмрэ абы ягъэхъуж сымаджэхэмрэ ядэІэпыкъу цІыхум дауэ дызэреджэнур? – ХэкулІ. Къанокъуэ Арсен хэкулІщ. Фэ фщыщ куэдым ар гъуазэ зэрахуэхъур дощІэ. Абы щыхьэт техъуэ тхыгъэщ мы сурэтым щыфлъагъу дохутыр щІалэщІэм Арсен зэрызыхуигъэзар.



***«ПщІэ зыхуэсщІ Арсен! Сэ сыдохутырщ. Вэрокъуэхэ сащыщщ, си цІэр Баширщ. СыщІэтхэм и щхьэусыгъуэращ: си гъащІэм и нэхъ гугъупІэ дыдэ дакъикъэхэм уэ узигъусащ. Сэ сызэрыцІыкІурэ дохутыр сыхъуну сыхъуапсэрт. Илъэс 12-м ситу сигу ислъхьащ : «ІэщІагъэм я нэхъ лъапІэр зэзгъэгъуэтынщ. Дохутыр сыхъунущ!». Уэ зэпымыууэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм ахъшэ саугъэткІэ защІэбгъакъуэрт. Сэ 11-нэ классым сыщеджэу ар къэзыхьэхуахэм ящыщ сыхъури, сыгуфІэу тхылъыфІхэр къэсщэхуащ, медицинэм сыхуеджэну зызгъэхьэзыращ икІи къызэхъулІащ.***

***Ди университетым сыщІэсу, ахъшэкІэ гугъуехь гуэрхэр ди унагъуэм къылъыкъуэкІат. СыІэмалыншэт, гъэ еджэгъуэ уасэр схуемыту сыкъыщІэкІыжын хуейт. Абы щыгъуи укъыздэІэпыкъури уи фІыщІэкэ си еджэным пысщэжащ!***

***Иджы сыдохутырщ! Си адэ-анэм, егъэджакІуэхэм, уэ – фи фІыщІэкІэ дохутыр сыхъуащ. Уз зэрыцІалэм цІыхухэр къыІэщІэзыхым сащыщщ. ФІыщІэ мыухыж пхузощІ, Арсен! Къэралым и щІыпІэ куэдым къикІа дохутырхэм сахэту ди цІыхухэр къыдогъэл. СызэрыадыгэР зэи сщыгъупщэркъым. СощІэ, сэ къыздалъагъурщ си лъэпкъми фэуэ ираплъынур. Адыгагъэр, Хабзэр, ЦІыхугъэр згъэпэжу сахэтщ, Арсен. Мэзкуу дыщыІэу дэ къыддалъагъуращ дыкъызыхэкІа лъэпкъыр къызэрацІыхунур, ди лъахэм пщІэуэ лъагъэсынур.***

***Мы илъэсыщІэм фІыгъуэу щыІэмкІэ сыпхуохъуахъуэ, къысхуэпщІа псомкІи фІыщІэ пхузощІ, Арсен, ди нэхъыжьыфІ!».***

Ди щІалэгъуалэм фІыр фи гъуазэу, къыфхуащІэр фІыщІэ фщІыуэ, фызыгъэсами, фызыщыщ лъэпкъми, фыкъыщыхъуа лъахэ дахэми фи хъер екІыу тхьэм фигъэпсэу!

***АБРОКЪУЭ Беллэ***

# ИЛЪЭСЫЩIЭ

*Псалъ. Вындыжь М.*
*Макъ. Блашэ В. яйщ*




УэрэдыщIэу зэщIэжьыуэу
Илъэсыщlэр къытхуэкIуащ.
Дэри елкэ дгъэщIэращIэу,
Дыдежьууэ дыпежьащ.

**Ежьу:**

Елкэ цIыкIур ди нысащIэу
ДыхуогуфIэ, дыхуоджэгу.
ЗикI, ди IитIым щысхь ямыIэу,
Зэныбжьэгъухэр доуэ Iэгу.

УэскIурийри итщ ди пщIантIэм,
Ихъуреягъыр къыдофыхь.
ХъугъуэфIыгъуэр дэзу пхъуантэм
Ди Уэс Дадэм дэ къытхуехь.

**Ежьу:**

Угъурлыщи гъэщIэ къакIуэр,
НасыпыщIэ къытхуздехь.
Къыхыдохыр дызэгуакIуэр,
Ухъу, ЖьакIэху, уи Iыхьэр кIыхь!

**Ежьу:**

# Къеблагъэ, Илъэсыщӏэ!

*Илъэсыщӏэм нэхърэ нэхъ махуэшхуэ лъапӏэ щымыӏэу ялъытэ дуней псом. Ди къэралым щыпсэухэмкӏэ абы и дамыгъэр – псей гъэщӏэрэщӏащ, и плъыфэр – хужьщ, и мэр – мандаринымэщ, и макъыр – сыхьэткъеуэрщ*, и теплъэр –* ***«Гарри Поттер»*** *е* ***«Один дома»*** *кинохэрщ. Дауэ пежьэрэ атӏэ а Илъэсыщӏэм адрей лъэпкъхэр?*



## Микронезия хытӏыгухэр*

**Мыбы я цӏыхухэм илъэсыщӏэр къыщихьэм и деж псоми я цӏэхэр яхъуэж, нэхъ насыпыфӏэу, гукъеуэншэу, ехъулӏэу псэун папщӏэ. Я цӏэхэр яхъуэжмэ, бзаджэнаджэхэм, е къезыщӏэхэм къамыгъуэтыну къащохъу. Илъэсыщӏэм и япэ махуэм ахэр зэхъуцацэурэ зыфӏащыжа я цӏэщӏэхэр зэжраӏэ, бзаджэнаджэхэм зэхрамыгъэхыну.**

## Аргентинэ

**Мыбы илъэсыщӏэ хабзэ куэд зэрахьэ. Псалъэм папщӏэ, ар къыщихьэкӏэ шумэдан пӏыгъыу унэм ихъуреягъкӏэ къэпкӏухьмэ, илъэсыщӏэм гъуэгуанэ куэд пкӏуну, щӏыпӏэ куэдым укӏуэфыну къащохъу. Илъэсыжьым и иужьрей лэжьэгъуэ махуэм ӏуэхущӏапӏэхэр зыхуэмеиж тхылъымпӏэхэр, махуэгъэпсхэр псори щхьэгъубжэхэм къыдадз. Буэнос-Айрэс и уэрамхэм а махуэм и шэджагъуэм тхылъымпӏэ хужьыр дэз мэхъу. «Ирихьэжьэу» зыхуеину архивхэри изыкъухьа къахэкӏащ газет лэжьакӏуэхэм!**



* Сыхьэткъеуэ – куранты
* Хытӏыгухэр – острова.



## Италие

Илъэсыщlэ жэщым псоми я къалэдэс нэхъыжь дыдэм сэлам ирахын хуейщ. Ар къызэхъулlэм илъэс псор гукъеуэншэу ихьыну къыщохъу. Цlыхухэр а махуэм зэхуоупсэ псы щlылэ стэчанрэ ахъуэ* къудамэ зырызкlэ. Утыкушхуэхэм цlыхухэр къыщофэ, хьэрэкlытlэ дрогъэуей, абыкlэ бзаджэнаджэхэр lуагъэщту. Я щхьэгъубжащхьэхэм lэмал имыlэу ахъшэ жьгъей телъщ, шэху уэздыгъэ къыщоблэ. Ахэр хьер къэзышэ lуэхуу, бзаджаер lузыхуу ялъытэ.

## Шотландие

Илъэс псом къриубыдэу а зы жэщ закъуэм шынагъуэщ Шотландием и уэрамхэм къыщыпкlухьыну. Абыхэм щlыдагъэ* зэрылъ чейхэм мафlэ щlадзэурэ ягъажэ. Ар илъэсыжьым и дамыгъэу ялъытэ. Илъэсыщlэ сыхьэткъеуэр щыджэм и деж унагъуэм я нэхъыжьым бжэр lуех, Илъэсыщlэр къыщlигъэхьэну. А унагъуэм япэу къихьэну цlыхум елъытащ илъэсыр фlы хъунуми, lей хъунуми.

**Илъэсыщlэ къэблагъэмкlэ псоми сывохъуэхъу!**

*ХЪУЭКlУЭН Фатимэ*



* Ахъуэ – олива.
* Щlыдагъэ – дёготь.



# Ди Дыгъэ.
# Ди Вагъуэ.
# Ди Гъуазэ.






*Адыгэм литературэ диIэным, абы япэ лъэбакъуэ егъэчыным, лъэпкъым хуэфэщэн лъагапIэ ар дэшыжыным хуэпсэууэ хуэлэжьа цIыхуищ я юбилеящ мы гъэр:* ***ЩоджэнцIыкIу Алий*** *(илъэси 120),* ***КIуащ БетIал*** *(илъэси 100),* ***Iутlыж Борис*** *(илъэс 80 ).*

Алий унагъуэшхуэм къыщалъхуат. Мэкъумэш лэжьыгъэ гугъум щхьэщыплъыкI сабийр еджэну хъуапсэрт, арщхьэкIэ еджапIэ щымыIэмэ, тхыбзэ къудей адыгэбзэм имыIэмэ, дауэ еджэнт? Зэманыр гугъут. Алий и насып къихьри и Кушмэзыкъуейм урысыбзэмрэ хьэрыпыбзэмрэ щрагъащIэу еджапIэ къыщызэIуахащ. Аращ зи хъуапсэнэм ЩIэныгъэр щынэху щIалэщIэм гъуэгупэ хуэхъуари! А лъагъуэм тетым зиужьурэ ар нэсащ Дагъыстэным, Къырымым, Тыркум.

Зэман кIэщIкIэ и лъэпкъэгъухэм щIэныгъэ яритащ: адыгэбзэм алфавит хузэхилъхьащ, къуажэ псоми еджапIэхэр къыщызэIуахащ, анэдэлъхубзэр абыхэм щадж хъуащ, еджапIэхэр зыхуей тхылъхэр ягъэхьэзыращ, адыгэбзэкIэ ахэр япэу къыдагъэкIащ.

Ди адыгэ усыгъэр лъагъуэщIэ тришащ ЩоджэнцIыкIу Алий. Ар усакIуэ пэрытти, и къигъэхъуапIэр ди IуэрыIуатэрт, и тегъэщIапIэр нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэм и IэмалыфIхэрт. Алий и тхыгъэхэрщ иужькIэ къэунэхуа усакIуэхэми гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуар.

ЩоджэнцIыкIу Алий лъабэдий зригъэщIа адыгэ литературэм и Iэпэр иIыгъыу, ар адэкIэ зыгъэкIуэтахэм яхэтащ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа усакIуэ КIуащ БетIал. Ар зытеусыхь темэхэр щIэщыгъуэт, и усэкIэр телъыджэт, и гум гурыщIэу къыщыпкIыр зэгъэкIуа усэбзэу Iурт. Мис зы щапхъэ кIэщI:

*УзиIэу уэ си хэкур*
*Къэслъыхъуэркъым жэнэт.*
*Iуащхьэмlым я зэхуакур*
*Бгъуэтынкъым къызыхуэт.*

*Си хэкууэ дыщэ губгъуэ,*
*Къэхъугъэм и епэр!*
*Кавказым щынэхъ фIыгъуэ,*
*Уи теплъэм IэфI ещI псэр!*

Кlуащ Бетlал и фэеплъыр ягъэлъапlэу дунейм къытехьащ абы и сурэт зытет пощт карточкэ.

Зэхуэхьэсакlуэхэрщ (коллекционерхэрщ) ар зи фlыщlэр. Къэрал псом мин зыбжанэу зэбгрыкlыну а дамыгъэхэм ди усакlуэшхуэм и сурэтыр щlытрадзам щхьэусыгъуитl иlэщ: илъэсищэ зэрырикъумрэ, Хэку зауэшхуэм и дамыгъэ нэхъ лъапlэ дыдэхэр къызэрыхуагъэфэщамрэ.

Кlуащ Бетlал хэкум хуэусащ, хуэпсэуащ, бий къыщытеуами къаlэщlихыжащ!



Утепсэлъыхькlэ пхуэмыlуэтэщlу, пщlэуэ хуэпщlым уи гур хигъахъуэу диlащ щlэныгъэлl, тхакlуэ, усакlуэ, драматург, сурэтыщl **Iутlыж Борис.**

Цlыху телъыджэт, и тхыгъэхэр гъэщlэгъуэныщэт, и адыгэбзэр шэрыуэт, и зэфlэкlыр зи бзийкlэ искусствэм и лъагъуэ куэд зыгъэпщlыпщl вагъуэ хуабэм хуэдэт. Сыт хуэдэ lуэхуми зрипщытт, зыпэрыхьари къехъулlэрт!

Зэманым жьы дэмыхъу, адыгэбзэм и мэ гуакlуэр къыпщlезыгъэхьэ защlэщ Борис и къалэмыпэ къыщlэкlахэр.

### IУТIЫЖ БОРИС ЦIЫХУХЭМ ХУЖАIАХЭМ КУЭД КЪАIУАТЭ

*«Сыхуэпабгъэу сыхущlэкъуну мыхъумэ, зэи сыздынэмысыфыну лъагапlитl щыlэщ – ар Къардэнгъущl Зырамыку и lуэрыlуэдзыгъэмрэ lутlыжым и бзэ дахащэмрэ».*

**Щlэныгъэлl ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн.**

*«Борис зэlусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт, псэ щхьэ lуимыгъэкlэжрэ, хужумыlэнумэ. Ар апхуэдизкlэ lэпщlэлъапщlэти, зыхэмызагъэ щыlэу фlэщщlыгъуейт. Жэзым, пхъэм, гъуаплъэм сытри къыхиlущlыкlыфырт».*

**Тхакlуэ ЕЛГЪЭР Кашиф.**

*«lутlыжым итхам езым апхуэдиз нэмыс хуищlыжырти, редакторыр лей хъурт. И щlалэгъуэм щегъэжьауэ апхуэдэу тхэрт ар».*

**Тхакlуэ КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.**

*«Лъэпкъыр лъэпкъ зыщlу псэ хэзылъхьэр, зыгъэлъапlэр, и щхьэр езыгъэlэтыр lутlыж Борис хуэдэхэрщ. Лъэпкъылlщ, гупсысакlуэщ, ущиякlуэщ, тхакlуэщ, усакlуэщ, сурэтыщlщ, кlэщlу жыпlэмэ, адыгэпсэм зезыгъэузэщl цlыху щыпкъэщ Борис».*

**Макъамэтх ХЬЭIУПЭ Джэбрэlил.**

Елэжьахэр:
***АБРОКЪУЭ Беллэ, ИСТЭПАН Залинэ***

# ЩІАГЪЫБЗЭ

***Ди бзэр зэм усэбзэу золъатэ, зэм бзэрабзэу мэпщІыпщІ, зэм щІагъыбзэу зебзыщІ… ЩІагъыбзэр къызэрыгуэкІ псалъэхэмкІэ дымыІуатэ щэхущ, ар бзыщІащ. Абыи гу лъыдмытэу хъунукъым фэрэ дэрэ, ди анэдэлъхубзэр тхъумэжыну дыхуеймэ. Фэ лингвист лъэщхэр къыфхэкІыну хуабжьу догугъэ.***

***ЩІагъыбзэр зищІысри? Ар цІэимыІуэщ (цІэ лейщ), щакІуэбзэщ (мы гъэм и Нур № 9-м еплъ), зекІуэбзэщ (Нур № 10-м), дамыгъэщ. Дамыгъэхэм иролажьэ сурэтыщІхэр. Мы гъэм ди сурэтыщІ Црым Руслан «щІагъыбзэ» перформанс* телъыджэ дыхигъэплъащ. ИлъэсыщІэм и къыдэкІыгъуэхэм абы гу лъыттэнущ. Ауэ апхуэдэ гупсысэ куумрэ зэи къэмыхъуа лэжьыгъэ лъэщымрэ къызыхэкІар къэтщІэн хуейтэкъэ? Руслан «Нурым» къедгъэблэгъащ, и гупсысэр къыщежьар едгъэІуэтэну.***

***ЦРЫМ Р.:*** — Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщщ Бер Хьикмэт. Абы и «Макъыбзэ» тхылъыр 2005 гъэм къыдэкІри ди бзэм нэгъуэщІынэкІэ сригъэплъащ. Сэ къызгурыІуащ макъ къэскІэ зыгуэр къызэраІуатэр, ар бзэ щІэныгъэми кууэ иджа зэрымыхъуар*.

Девгъэгупсысыт фэрэ дэрэ. Дэтхэнэ бзэри зыгъэпсалъэр макъхэр аракъэ? Макъ къэскІэ зыгуэр къарыкІкъэ? АтІэ абыхэм щхьэж езым и нагъыщэ (знак) иІэжщ. ЩымыІэм нагъыщи иІэнутэкъым, ауэ щыІэр зэрыщыІэр зыгуэрым къыуигъэщІэн хуейкъэ? Аращи, макъыр щыщыІэкІэ ар зэрыщыІэм нагъыщэ иІэщ. Макъхэм ятеухуа информацэ псори, абы я щэхуцІэхэри (кодхэри) а нагъыщэхэм къыдгурагъаІуэ. Нагъыщэ къэскІэ гупсысэ хэлъщ, дамыгъэщ! ФэркІэ гугъущ ар, щІэныгъэхэр (семиотикэмрэ лингвистикэмрэ) зэзыпхыж Іуэхугъуэщ, ауэ и гугъу дымыщІуи хъуркъым…

АтІэ, ди бзэм нэгъуэщІынэкІэ сеплъыжауэ сыщІэдэІуурэ, махуэ гуэр абы и Іубзэр зэхызох. Макъыу бзэм хэту хъуар зэуэ, **зэщІэщхъыщхъэу, зэщІэскъыскъэу, зэщІэщкъыщкъэу, зэщІэжьыуэу, зэщІэзууэу, зэщІэвыуэу, зэщІэзджызджэу, зэщІэжьгъыжьгъэу, зэщІэгъуагъуэу** щызэхэсхым, занщІэу сигу къокІыж 2004 гъэм сщІауэ щыта сурэтхэр. Ахэр Малевич и «квадратым» и трансформацэрт (зэтепщІыщхъукІ). Лэжьыгъэ къэс е гуащІэ (энергие), е пространствэ, е тІури зэщІэту къагъэлъагъуэрт. А зэпкърысхамрэ адыгэбзэм и макъхэм сызыхуаша гупсысэмрэ зыт! **Апхуэдэу перформансыр къоунэху: адыгэбзэм и макъыр, макъхэм яІуатэр, Малевич и квадратым и зэтепщІыщхъукІ лэжьыгъэхэр.**

---

** Искусствэм и къэІуэтэкІэщІэщ, сурэтыщІри, абы и сурэтым еплъхэри зы щІыпІэм, зы зэманым щызэщІыгъуу.*

** Бзэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу Швейцарием щыщ лингвист Фердинанд де Соссюррэ урыс философ Алексей Федорович Лосеврэ зи гугъу тщІы темэм елэжьахэщ.*

**ЦРЫМ Руслан. Урыс сурэтыщI Казимир МАЛЕВИЧ 1915 гъэм ищIа «Черный квадрат» лэжьыгъэ цIэрыIуэр щызэтепщIыщхъукI (трансформацэ) сурэтхэм ящыщщ**






















# «Нурыр» ядонур

**Илъэс псом къриубыдэу «Нур» журналыр нэхъыбэ дыдэу тезыдза еджапІэхэм ящыщщ Налшык дэт Гимназие № 14-р. Ар зи фІыщІэр адыгэбзэ егъэджакІуэхэрщ, адэ-анэхэрщ, езы еджакІуэ цІыкІухэрщ.**

**Сыту пІэрэ абы и щхьэусыгъуэр?**

**ЕджапІэм и егъэджакІуэ *ТАБЫЩ Динарэ* и тхыгъэр а упщІэм жэуап хуохъу.**

Сабийм анэдэлъхубзэр Іурылъу къэгъэхъуным и Іэмал нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ «Нур» журналыр. Мы адыгэ журналыр сабийм и зэфІэкІыр зэрыхигъэхъуэфын хуэдизкІэ купщІафІэщ, къыщыІэта темэхэр гъэщІэгъуэнщ, езыри щхъуэкІэплъыкІэщ. Мыбы ибгъуэтэнущ бзэм, хабзэм, тхыдэм, гъуазджэм, спортым, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми ехьэлІа тхыгъэ хьэлэмэтхэр.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, журналым дихьэх сабийхэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ. Ди Гимназием щеджэ цІыкІухэм журналыр зэІэпах, абы къытехуэ псалъалъэхэмкІэ адыгэбзэр зэрагъащІэ, «ЦІыкІураш» зыхуагъадэ щыІэххэкъым. Адыгэ комиксхэр къыхагъэжри тхылъ цІыкІуу зэрахьэ, йоджэ. «Нур» журналым и къыдэкІыгъуэ къэс къытехуэ ди лъэпкъым и цІыху пажэхэм, сабий ехъулІахэм ятеухуахэм еджакІуэхэр егъэгушхуэ, егъэхъуапсэ. Ди сабийхэм яфІэфІщ «ІэпэІэсэ» рубрикэри. АбыкІэ загъасэ, зэпоуэ, щхьэж хузэфІэкІыр наІуэ щыхъу гъэлъэгъуэныгъэхэр идогъэкІуэкІыж.

«Нур» журналыр урокхэм хуабжьу къыщыдогъэсэбэп егъэджакІуэхэми, ар сабиибзэкІэ гурыІуэгъуэу зэрытхам дыщыгуфІыкІыу.

### «НУР» ЖУРНАЛЫМ ДИХЬЭХХЭР САБИИФІ ЗАЩІЭЩ!

***ДУДАР Тамерлан** (4-нэ кл.).* КикбоксингымкІэ мызэ-мытІэу 1 увыпІэр къыщихьащ къалэ, район, республикэ зэпеуэхэм. ШахмэтымкІэ иджыблагъэ екІуэкІа республикэпсо зэпеуэм 2-нэ увыпІэр къи-

хьэхуащ. Тамерлан «Нур еджакlуэ – 2020» зэпеуэм хэтыну зыхуигъэхьэзыращ, псалъалъэхэр зэхуихьэсащ икlи фlы дыдэу зэригъэщlащ!

***КУЭЦЭ Идар*** *(4-нэ кл.)* къалэ, республикэ, дунейпсо зэпеуэхэм зэпымыууэ хэтщ. «Уи макъ» дунейпсо сабий фестиваль-зэпеуэм 1 увыпlэр къыщихьащ! «Щlымахуэ таурыхъ» дунейпсо зэпеуэм усэ къеджэнымкlэ щытекlуащ. «Академия талантов» куей зэпеуэм щытекlуащ. «Бонами» Х-нэ дунейпсо сабий уэрэджыlакlуэхэм я зэпеуэм 1 увыпlэр къыхуагъэфэщащ. Идар адыгэ уэрэдыжьхэр екlуу жеlэ. Ди щlыналъэм и фортепианэ зэпеуэхэм щыпажэщ. Абы «Нур» журналым къытехуэ адыгэ комиксхэр зэхуехьэс.

***ХЭЖЬ Элинэ*** *( 4-нэ кл.)* «Нэгъэсауэ адыгэ пщащэ» зыхужаlэм хуэдэщ. Ар адыгэ къафэмкlэ гупжьейм макlуэ, къалэ, республикэ зэпеуэхэм хэтщ. Мы гъэм «Берега Дружбы» V щlыналъэ фестивалым усэ къеджэнымкlэ Элинэ щытекlуащ! «Нур» журналым и щlэджыкlакlуэ нэхъ жыджэрхэми ящыщщи, абы къытехуэ сабий усэхэр, къанэ щымыlэу, гукlэ зэрегъащlэ, «lэпэlэсэ» рубрикэр зыпищl щыlэххэкъым.

***ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Руслан*** *(2-нэ кл.)* Кlыщокъуэ Алим теухуа республикэ зэпеуэм усэ къеджэнымкlэ 1 увыпlэ къыщихьащ. Ар икlи сурэтыщlщ. Асфальт сурэт тещlыхь республикэ зэпеуэм щытекlуащ. «Нурым» къытехуэ lэрыщlхэм поплъэ икlи ахэр фlы дыдэу къохъулlэ Руслан.

***ЕЛЬБЭРД Астемыр*** *(3-нэ кл.)* Адыгэбзэ дахэ lурылъщи, усэ къеджэнымкlэ ар зыхэта къалэ, республикэ зэпеуэхэм къахэщащ! Кудо спорт лlэужьыгъуэмкlэ къалэ, республикэ зэхьэзэхуэхэм Астемыр 1, 2-нэ увыпlэхэр къыщихьащ. Ар дехьэх адыгэ комиксхэм икlи езыми къегупсыс комикс, нарт лlыхъужьхэр хэту.

***ЕДГЪУЛ Даянэ*** «тху» защlэкlэ йоджэ *(5-нэ кл.).* Даянэ «Нур» журналым и ныбжьэгъу пэжхэм ящыщщ, зы къыдэкlыгъуи блимыгъэкlыу къытехуэр щlеджыкl. Даянэ инджылызыбзэмкlэ лъэщщ! Абы адыгэбзэ таурыхъ кlэщlхэр, тхыгъэхэр инджылызыбзэкlэ екlуу зэредзэкl. Даянэ ехъулlэныгъэхэр щиlэщ гимнастикэм, адыгэ къафэм, оригами lэщlагъэм.









# Нур еджакӀуэ-2020

«Нур еджакӀуэ-2020» зэпеуэм и лэжьыгъэхэр мы гъэм мазибгъукӀэ журналым къытехуащ. Зэпеуэм пашэныгъэ къыщызыхьахэр наӀуэ къищӀащ ебгъуанэ номерым тета псалъэзэблэдзым. Жэуапхэм нэӀуасэ зыхуэфщӀ.





ЗЭПЕУЭМ ЩЫТЕКӀУАХЭР ЗЭВГЪЭЦӀЫХУ:



«Нур еджакӀуэ-2020» цӀэр, япэ увыпӀэр хуэдгъэфэщащ зи жэуапхэр япэ дыдэ къытӀэрыхьа

**Алмэхэ Муратрэ Ренатрэ**

Къармэхьэблэ, 2-нэ курыт еджапӀэ;
ЕгъэджакӀуэр: Алмэ Марьянэ

## ЕТIУАНЭ УВЫПIЭР ХУЭДГЪЭФЭЩАЩ:





**Зэрыкъуш Кристинэ**
Къэсейхьэблэ, 3-нэ курыт еджапIэ;
Анэр: Зэрыкъуш Алеся

**Гъащтэ Алёнэ**
Къэхъун, 1-нэ курыт еджапIэ;
ЕгъэджакIуэр: Щомахуэ Людмилэ

## ЕЩАНЭ УВЫПIЭР ХУЭДГЪЭФЭЩАЩ:





**Бэрокъуэ Амир**
Налшык, 11-нэ курыт еджапIэ;
ЕгъэджакIуэр: Хьэмжу Венерэ

**Шыбзыхъуэ Атлэнэ**
ХьэтIохъущыкъуей, 3-нэ курыт еджапIэ;
ЕгъэджакIуэр: Пщыгъэуш Еленэ




ТекIуэныгъэ къэзыхьахэм дохъуэхъу мы зэпеуэр ехъулIэныгъэ куэдым и щIэдзапIэ хъуну! ФIыщIэ яхудощI текIуэныгъэ къэзыхьа еджакIуэхэм я егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, анэшхуэ-адэшхуэхэм!

БЕКЪАН Масирэт

«Нур еджакIуэ-2020» зэпеуэм щытекIуахэми, абы хэта ныбжьыщIэ нэхъыщIэ дыдэу мы сурэтыр къезыгъэхьами фи саугъэтхэмрэ ЩIыхь тхылъхэмрэ «Нур» журналым и редакцэм къыщыфщтэж. Ди хэщIапIэр журналым и щIыбагъым тетщ.

УэскIурийр дохуапэ

Сурэтхэр къыхэвгъэж. Куб цIыкIур тхуэ дэвдзей (Iэ; лъакъуэ: щхьэ; пщэ; иIыгъыр), абы къихуа бжыгъэхэм хуэкIуэ щыгъынхэмкIэ уэскIурийр фхуапэ.







Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 12 2020 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 03.12. 2020 г.
Выход в свет 24.12. 2020

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1394 экз.
Заказ №2658
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.